No. 9 27 Februari 1931 Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
½ „ . . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.
Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . f 36.—.
½ „ . . . . . f 18,65.
¼ „ . . . . . 9 75.
⅛ „ . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03;
sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

N. I. O. G. MANGSAH JOEDA.

P. G. H. B. KAANGGÉ MARGI.

Swara-Tama no. 7 tg. 13 Februari 1931 ngewrat goebahan mawi kepala kados kaseboet ing nginggil poenika. Goebahan waoe dipoentanda-asmani sadèrèk A. S. D. Wosing karangan, manawi koela boten kasangeten anggènipoen anjoeraos, kénging kapérang dados 3 warni, i.p. 1e. Ingkang gegajoetan kalijan P. G. H. B., 2e. Ngadjak ngwontenaken pakempalan goeroe golongan Katholiek, 3e. Ngadjak sesarengan nempoeh actienipoen N.I.O.G. anggènipoen badé ngrabasa bètèng confessioneel onderwijs.

1. *Ingkang gegajoetan kalijan P. G. H. B.*

Manoet soeraosing gegoebahanipoen sdr. A. S. D. ingkang gegajoetan kalijan P. G. H. B. kénging koela tjekak kados ngandap poenika:

1. Congres P. G. H. B. kaanggé papan propagandanipoen N. I. O. G. amerangi sekolahan ingkang adedasar agami.
2. Isining boekoenipoen N. I. O. G. kedjawi ngawon-awon sekolahan² ingkang adedasar agami lan njembah-njembah neutraal-onderwijs, sampoen boten wonten malih.
3. P. G. H. B. warganipoen warni-warni, saking missie, zending lss.
4. P. G. H. B. sadjak kirang adil, liripoen boten saged madeg wonten ing tengah-tengah.
5. Wangsoelanipoen sdr. Prawiradinata boten saged maremaken dateng goeroe-goeroe saking kalangan missie, zending lss.

Rèhné prakawis ing nginggil poenika prakawis ingkang wigatos sanget, lan malih sampoen kaladjeng wonten ingkang damel gegoebahan, mila sasaged-saged koela badé oeroen-oeroen rembag, kanti pamrih moegi-moegi prakawis waoe sageda sirep, saboten-botenipoen kasigeg kémawon. Lan gegoebahan poenika ingkang koela tjekak dados 5 pérangan, koela wangsoeli oetawi koela oeroeni rembag borongan kémawon.

Noewoen para sadèrèk. Mila boten anggoemoenaken jèn sdr. A. S. D. sanget anggènipoen kapranan prakawis boekoenipoen N. I. O. G., ingkang isinipoen sanget anggènipoen boten prajogi toemrap sinten kémawon ingkang poeroen menggalih radi pandjang. Saben tijang ingkang nampi boekoe poenika oegi saged ngoekoer kados - poendi keactievan-ipoen N. I. O. G. anggèné badé mangsah kalijan sekolahan-sekolahan ingkang adedasar agami. Makaten oegi boten sekedik ingkang kirang marem manahipoen dateng tradjangipoen P. G. H. B. déné poeroen dados lantaranipoen kanggé njebar boekoe awon waoe, mangka tijang katah mantep anggènipoen mastani jèn P. G. H. B. poenika atradjang neutraal.

Nanging kawoeningana sadètèk-sadèrèk. Ingriki koela boten badé éwang-éwangan, nanging mligi badé tjawé-tjawé ngleresaken barang ingkang béngkong oetawi koela manah sakinten saged ambebajani. Oetawi malih, kados - poendi saged koela éwang-éwangan, djer koela poenika pro sanget dateng confessioneel onderwijs? *(??Red.).*

Para sadèrèk koela kinten sampoen sami pirsa pijambak, kados poendi riboedipoen V. B. P. G. H. B. manawi pinoedjoe congres. Saking riboedipoen, prasasat boten wonten wekdal kanggé ngasokaken saliranipoen ingkang betah sanget dateng ngaso. Rèhné saking ribedipoen, ladjeng taktiek - ipoen N. I. O. G. gebruik maken van deze gelegenheid, ing batos temtoe gadah panginten jèn boekoe waoe, botenbotenipoen badé katliti. Mila makaten para sedèrèk. V. B. P. G. H. B. pantjèn radi wéja, kirang sanget pangatos - atosipoen ing prakawis poenika. Mandar satampinipoen boekoe-boekoe waoe, dèrèng kawaos, teroes kaladjengaken dateng congres groepsbonden. Dados tindakipoen V. B. P. G. H. B. poenika kénging koela wastani „onbewust". Ing batos wontenipoen namoeng, rèhné tampi boekoe-boekoe, mangka panedanipoen ingkang njoekani soepados kasebar, inggih ladjeng kasebar, habis perkara. Prakawis jèn badé amboentoet, babarpisan boten kamanah.

Anggèn koela saged matoer makaten poenika, kedjawi koela pijambak tjara-tjaranipoen toemoet kadosan, inggih njoemerepi, djer koela sijang-daloe njamboet damel wonten kantor P. G. H. B., salaminipoen congres ingkang kapengker poenika.

Ing nginggil koela matoer toemoet kadosan, djalaran panjebaripoen boekoe-boekoe waoe wonten ing combinatie-vergaderingipoen K. B. kalijan P. S. O., koela pijambak ingkang njebar. Koela tampi serat kalih, satoenggal kanggé H. B. K. B., satoenggalipoen kanggé H. B. P. S. O. lan boekoe N. I. O. G. sapanggoel saking klerk P. G. H. B. ingkang asalipoen saking V. B. P. G. H. B. Serat kekalih koela tjaosaken dateng ingkang wadjib nampèni. Nanging boektinipoen serat-serat waoe boten kabikak, poenapa malih kawaos. Boekoe-boekoe teroes koela edoem dateng congresisten, kanti boten koela tingali langkoeng roemijin poenapa isinipoen. Ingkang koela soemerepi namoeng seratan N. I. O. G. Tindaktandoek koela prakawis boekoe waoe, inggih nama „onbewust", malih.

Sarampoengipoen koela ngedoem boekoe-boekoe waoe, koela taksih gadah tirahan pijambak, Wasana koela tingali isinipoen ngiras kanggé djampi bentèr (kabekta hawa bentèr, toer sampoen sijang). Sanget getoening manah, djeboel isinipoen boekoe waoe, merangi sekolahan-sekolahan ingkang adedasar agami. Getoen koela boten sampoen-sampoen, tansah koela émoet-émoet.

Makaten oegi para ingkang tinanggenah ngedoem boekoe-boekoe wonten ing groepsbonden sanèsipoen, kinten koela sami kémawon, i. p. onbewust.

Nitik boten nglegéwanipoen, boten bewust-ipoen, boten kedjaragipoen, toewin kirang pangatos-atosipoen V. B. P. G. H. B. lan sedèrèk sanès-sanèsipoen ingkang kapasrahan njebar boekoe N. I. O. G. waoe, koela gadah kejakinan, jèn P. G. H. B. oetawi congres P. G. H. B. poenika boten andjarag kaanggé papaning propagandanipoen N.I.O.G. Sadèrèk A. S. D. pijambak sampoen ngakeni jèn pangrèh P. G. H. B. anggènipoen njebar boekoe waoe boten adedasar manah awon. Inggih pantjèn boten adedasar manah awon jektos para sedèrèk. Mila sareng wonten swanten saking sedèrèk A. S. D. lan sanès-sanèsipoen ingkang nélakaken jèn wontenipoen boekoe saking N. I. O. G., goeroe-goeroe saking kalangan missie, zending lss. kirang sekétja manahipoen, V. B. P. G. H. B. énggal-énggal soeka soemerep wonten ing congres, jèn sikapipoen N. I. O. G. poenika béda sanget kalijan sikap toewin kawontenaning P. G. H. B. Kanti tjeta voorzitter V. B. P. G. H. B. énggal, sdr. Prawiradinata nerangaken jèn P. G. H. B. babar-pisan boten anggadahi manah kados - poendi². Voorzitter V. B. P. G. H. B. njoewoen kanti sanget, moegi boekoe-boekoe waoe kaanggep boten wonten lan kaanggep boten kasebar, alijas poeroenipoen P. G. H. B. njebar boekoenipoen N. I. O. G. katjaboet.

Nitik katerangan saking sdr. Prawiradinata poenika terang jèn P. G. H. B. poenika inggih getoen sanget, déné teka radi wéja. Wondéné katerangan ingkang kados makaten poenika boten oetawi dèrèng saged maremaken manah, bab poenika loegoenipoen goemantoeng dateng ingkang nampi. Oetawi malih prakawis adamel marem poenika, manoet andaranipoen tilas Hoofdredacteur sdr. Frater Soegija, sampoen ingkang manoengsa, dalasan Goesti Allah pisan boten saged adamel mareming tijang. Nanging kados-poendi - kados - poendi, P. G. H. B. sampoen nélakaken getoening saha kedoewoenging manah. Jèn wentala oetawi katjetakaken makaten, P. G. H. B. sampoen njoewoen pangapoenten dateng ingkang sami ketaman. Poenapa sdr. A. S. D. oetawi sanèsipoen boten kersa maringi pangapoenten gentos dateng tijang ingkang sampoen kedoewoeng? Énget dateng gegandoelan kita.

Mirid tradjangipoen P. G. H. B., mirid katerangan saking sdr. Prawiradinata, koela adjeg anggadahi kejakinan, jèn P. G. H. B. poenika neutraal ing bab agami. P. G. H. B. adjeg toemindak manoet serat wewatonipoen kados ingkang kaseboet ing bab 2 lan 3.

Saking panjoewoen koela dateng sedèrèk A. S. D. toewin sanèsipoen, moegi prakawis poenika kasirep samanten kémawon, boten perloe kapandjangaken ngantos kabasakaken „emprit aboentoet bedoeg". Saking roemaos koela pijambak, koela sampoen radi mateng oetawi paham dateng lampah - lampahipoen saha tradjangipoen P. G. H. B. miwah V. B. P. G. H. B. Pramila kejakinan koela toemrap P. G. H. B. adjeg kados ingkang koela atoeraken ingnginggil waoe.

Para sedèrèk. Manawi P. G. H. B. ing tembé wingking njata tementemen ngréntjangi kanti bewust dateng N. I. O. G., agengipoen merangi pijambak dateng sekolahan - sekolahan ingkang adedasar agami, o, koela boten wegah ngoerbanaken badan koela pijambak kanggé nanggoelang laladan poenika. Boten oesah koela atoeraken katah-katah, koela sampoen marem aprang ginem kalijan para warganipoen N. I. O. G. inggih prakawis so'al confessioneel onderwijs, ngantos badan koela pijambak dados koerbanipoen. Tjekakipoen koela njoewoen dateng para sedèrèk, moegi sampoen sami ngandoet koewatos dateng tradjangipoen P. G. H. B. Malah soemangga sesarengan angramèkaken lan njentosakaken P. G. H. B. Barang ingkang sampoen kalampahan toer sampoen karesikan, inggih sampoen, boten perloe kamanah malih, boten perloe kaoendat-oendat. Sapoenika saladjengipoen kémawon kadamel ingkang ngatos-atos. Lan koela pitados bilih P. G. H. B. saladjengipoen badé atindak oetawi mawi margi „santosa, waspada, anggajoeh oetama". Liripoen santosa, roekoen ngantos kekah angèl dipoenoetik-oetik. Tegesipoen waspada, awas dateng barang ingkang sampoen kalampahan, ingkang saweg kalampahan lan ingkang badé kalampahan. Santosa kalijan waspada poenika, kalih-kalihipoen kanggé anggajoeh dateng kaoetamèn, inggih kaoetamènipoen kita para goeroe sadaja, boten mawang saking poendi, boten mawang agami poenapa.

—o—

2. *Ngadjak ngwontenaken pakempalan goeroe golongan katholiek.*

Amargi ketaman saha kraos déning lelampahan ingkang nembé kedadosan wonten ing congres prakawis boekoenipoen N.I.O.G., sdr. A. S. D. ngadjak-adjak badé ngwontenaken pakempalan goeroe katholiek Indonesiers pijambak. Mandar sdr. A. S. D. nerangaken, jèn widji badé ngwontenaken pakempalan pijambak poenika sampoen gangsal taoen laminipoen.

Prakawis initiatief-ipoen sdr. A. S. D. poenika koela poedji, liripoen koela alem dèné kagoengan voorstel oetawi kanijatan ingkang maksoedipoen saé. Poenika mratjihnani jèn panggalihoen sdr. A. S. D. gesang jektos, tjara pandomipoen gampil ébahipoen. Nanging sadaja initiatief poenika sanadjan principieel saé, pantes kamanah langkoeng pandjang, bab awon lan saénipoen. Mangké jèn pinanggih saé ingkang langkoeng ageng, poenapa awonipoen jèn initiatief waoe kaladjengaken. Nanging kawoeningana para sedèrèk. Kita golongan katholiek badé ngwontenaken pakempalan pijambak? Pakempalan goeroe katholiek Indonesiers? Ladjeng poenapa ingkang dipoenmaksoedaken, kadjawi anggéndoli confessioneel onderwijs? Sedèrèk A. S. D. sebagai journalist kinten koela inggih sampoen pirsa kados-poendi sikapipoen kaoem madjikan dateng kaoem boeroeh.

Poenapa kinten-kinten badé andadosaken saénipoen, jèn kita anggolong pijambak? Mangga dipoenpenggalih ingkang pandjang.

Rèhné prakawis badé damel pakempalan pijambak poenika sanès barang gampil, mila ing ngriki koela damel pitakénan-pitakénan ingkang boten perloe kaparingan wangsoelan, tjekap kanggé panggalihan kémawon.

1. Poenapa P. G. H. B. boten saged kadjagi toewin dipoenichtijari, moerih ing saladjengipoen boten kalebetan mengsah kita oetawi mengsahipoen sedèrèk-sedèrèk ingkang tjondong kalijan confessioneel onderwijs, oepami golongan Mohammaddijah?
2. Poenapa P. G. H. B. ingkang sampoen nglairaken lepating manah lan njoewoen soepados tindakipoen ingkang kaanggep klèntoe, kaanggep boten wonten poenapa-poenapa alijas sampoen katjaboet, kaanggep taksih dosa kémawon?
3. Poenapa P. G. H. B. sapoenika ingkang ka-ejoman ing 6 golongan goeroe (golongan - golongan H. K. S. B., O. K. s. B., P. G. A. S., P. N. S., P. G. B. lan P. G. D.) sampoen nama saé lan kekah ngantos kénging kawastanan organisatie ingkang kijat saged moerakabi lan njegeraken dateng warganipoen sadaja?
4. Manawi P. G. H. B. dèrèng kados pitakénan no. 3, poenapa sebabipoen, déné tansah wonten-wonten kémawon ingkang moeroegaken soelaja toewin raos-raos ingkang moeroegaken badé petjah oetawi lembèk?
5. Poenapa goeroe golongan katholiek inggih boten ngedadosan saking 6 golongan poenika?
6. Manawi goeroe golongan katholiek damel pakempalan pijambak, poenapa P (erserikatan) G (oeroe) K (atholiek) I (ndonesia) saged madeg kanti djedjeg, sanadjan noenggil kapitadosan?
7. Manawi sampoen wonten P. G. K. I., nasibing para warga poenapa inggih saged karembag, liripoen damel maremipoen sadaja 6 golongan poenika?
8. Groepsbonden ingkang ngéjoeb wonten ingandapipoen Bendéra P. G. K. I., poenapa boten badé wonten barang-barang?
9. Sanadjan kapitadosan noenggil, poenapa nasibipoen oetawi kawontenanipoen kaoem P. G. K. I.ers poenika sami oetawi noenggil?
10. Oepami P.G.K.I.ers poenika kadamel unie, poenapa inggih jektos saged wonten eenheid van actie, eenheid van orgaan lan eenheid sanès-sanèsipoen, sanadjan noenggil kapitadosan?
11. Manawi P. G. K. I. wonten jektos, poenapa katholieke K. B. ers saged berdjabatan tangan temenan kalijan katholieke N. S. ers oetawi katholieke groep sanès-sanèsipoen?
12. Manawi P. G. H. B. petjah, margi wontenipoen P. G. K. I., poenapa nasibipoen kantja goeroe Indonesia oemoemipoen saged langkoeng saé katimbang sapoenika?
13. Poenapa leres menggah pamireng koela, jèn goeroe - goeroe missie oetawi zending poenika taksih katah ingkang dèrèng dados warganipoen groepsbonden, dados inggih dèrèng mlebet ing kalangan P. G. H. B.? Manawi pamireng koela katah leresipoen, poenapa ingkang dados sebabipoen?
14. Manawi sampoen wonten P. G. K. I., goeroe - goeroe missie ingkang sapoenikanipoen dèrèng mlebet ing groepipoen pijambak - pijambak, poenapa inggih teroes ambjoer mlebet ing kalangan P. G. K. I.?
15. Kantja-kantja saking 6 golongan kados ingkang kaseboet ing pitakénan no. 3, poenapa sami moepakat sadaja dateng wontenipoen P. G. K. I.? Sasampoenipoen moepakat poenapa

ISINIPOEN.

N.I.O.G. mangsah joeda — Film lampahan Kiewiet de Jonge—Djagad wanita—Goeroe roenda—Goentingan pers—Kabar saking pakempalan — Ontjèn sekar gambir melati—Kabar saking Betawi—Oerap sari—Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Enak betoel djadi wethouder di Semarang.

Pantjèn nggoemoenaken . . . . . ! Indische regeering nangis - nangis anggènipoen ngoebetaken begrooting. Talesih sanget anggènipoen pados réka ngirid - irid. Éwadéné babadan anggotanipoen Indische regeering waoe wonten ingkang sadjak gagah. Semoenipoen kados boten mangertos dateng malaise. Tjontonipoen?

Wonten Nansing koela maos verslag vergadering gemeente ing Semarang. Wonten ing bagéjan rembag begrooting, gemeente ngrikoe nampi oesoel angindaki toelage wethouders. Waoenipoen angsal toelage f 275 badé kaindakan f 125, dados f 400 sawoelan.

Mangka toelage-nipoen wethouder ing Betawi f 300, Bandoeng f 200, Soerabaja f 750 (imbet transporkosten f 150, awit wethouder Soerabaja poenika boten padamelan sambèn kados ing Semarang lss.).

Koela inggih mangertos, oeroesan gemeente poenika sasanggènipoen gemeente pijambak. Éwadéné manawi koela ningali nginggil nangis, ladjeng ngandap wonten ingkang kados gemeente Semarang, poenika koela pantjèn goemoen sanget.

Toer, ... oeroesan kampoengkampoeng gemeente Semarang, manoet serat-serat kabar ing Semarang, inggih dèrèng saé. Manawi tijang alit sami ngangseg neda dipoentakèni kénging poenapa déné saéning kampoeng - kampoeng waoe boten ladjeng dipoentemenani, wangsoelanipoen . . . . „Malaise". Mila boten maiben manawi Nansing saged moengel: „. . . . Kita sangsi boeat pertjaja apa gemeente soedah berlakoe betoel dengan itoe langkah jang hanja mementingkan golongan atasan, tetapi kepentingan rakjat ketjil koerang dapetken perindahan."

Manawi kaleksanan toelage wethouder kaindakaken, Prendjak Mataram namoeng mewahi: „Enak betoel djadi wethouders di Semarang hè? Nanti kaloek kedjadian soenggoeh terdjadi pemotongan bajar ambtenaren, bagi itoe wethouders jang naik toelagenja, tidak berarti apa-apa. Boleh kasih p. f.!

Prendjak Mataram

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

VERLAG PAREPATAN BESTUUR P. K. W. WONTEN ING SOLO.

Mitoeroet poetoesaning parepatan P. K. W. nalika tanggal 8 Februari wonten ing Soerakarta, parepatan oemoem P. K. W. badé kadawahaken béndjing ing dinten Saptoe tanggal kaping 14 Maret (sonten), saha éndjingipoen dinten Ngahad tanggal kaping 15 Maret ing ngadjeng poenika; manggèn wonten ing Speelloods R. K. Europeesche school ing Soerakarta.

Parepatan dinten Saptoe sonten kawiwitan djam 8 sonten.

Agenda.

1. Pamboeka.
2. Maos Notulen.
3. Pakabaran.
4. Lezing Rama Pastoer Djajasepoetra.
5. Lezing K. W. Ngajodja bab P4.A.

Parepatan dinten Ngahad éndjing wiwit djam 8 tanggal 15 Maret.

Agenda.

1. Pilihan Pangrèh.
2. Oesoel - oesoel.
3. Pitakénan.
4. Panoetoep.

N. B. Mis Soetji djam 7¼ badé katjaosaken kanggé parepatan P. K. W.

Oesoel - oesoel.

Saking Pangèh P. K. W. Soepados P. K. W. ngawontenaken boekoe ingkang populair ing babagan sociale kwestie's. Sadèrèngipoen wonten fonds pangrèh P. K. W. gadaha wewenang mendet arta kas katah-katahipoen f 50 minangka pawitaning fonds, ingkang soepados ladjeng saged nandangi toemoenten.

Oesoel - oesoel saking K. W.

Babagan Roekti - Woeri.

1. Soepados P. K. W. setijara ngèntèngaken pandamelanipoen R. W. soepados pandamelanipoen saged rantjak. (toelichting oetoesan). (K. W. Moentilan).

Preadvies Pangrèh P. K. W. moefakat.

Oesoel - oesoel bab pilihan Pangrèh.

1. Manawi kanggé taoen poenika (1931) badé ngawontenaken pilihan Pangrèh P. K. W. njoewoen soepados Pangrèh lami „adjeg." (K. W. Moentilan).

2. Manawi pandjenenganipoen Rama van Rijckevorsel kersa djoemeneng G. A. malih, H B. P. K. W. sasaged - saged njaketana Ambarawa. (K. W. Semarang).

Preadvies Pangrèh. Prakawis G. A., P. K. W. poenika wontening pangoewaosipoen Kangdjeng Bisschop.

3. Kandidat-kandidat warga H.B.P.K.W. énggal ingkang dipoenoesoelaken tjabang Semarang. i. p.:

Ambarawa: Tjakrawardaja, Ajat, Soekahar.
Moentilan: Djajaatmadja, Hardjakandam.
Semarang: Djoepri, Adisoesanta.
Djocja: Djajaéndra, Soegiri.
Salatiga: Soepardjama.
(K. W. Semarang).

Oesoel - oesoel sanès - sanèsipoen.

1. P. K. W. sageda njebar oetawi ngoemoemaken dateng sadèrèk - sadèrèk goeroe-goeroe doesoen missie soepados pendak woelan kempalan, katoentoen salah satoenggiling mantri goeroe, ngrembag piwoelang lan sanès - sanèsipoen ingkang magepokan kalijan sakolahan. (K. W. Blitar).

Preadvies. Badé kaéwahan saha kawedaraken wonten ing parepatan.

2. P. K. W. karsaa oesoel lan njamboet damel sesarengan kalijan Stichting. (K. W. Blitar).

Preadvies. Neda katerangaken.

3. P.K.W. amboedidajaa soepados warganing sociaal vereeniging - vereeniging ingkang dipoenajoni K.W. - K.W. samangsa manawi wonten sadèrèk pindah panggénan sageda dados warganing pakempalan ingkang sami kalijan ingkang sampoen, oepami Pangroekti laja. studiefonds, lsp. (K. W. Blitar).

Preadvies. Moefakat namoeng toemrap K. W.-K. W.

4. P. K. W. amboedidaja, soepados boekoe-boekoe wedalan lectuurfonds. kakintoena dateng K. W.,-K. W., Pastoeran - Pastoeran, lan dateng sadèrèk Katholiek ingkang ing rikoe dèrèng wonten pakempalan, lan ladjeng saged ndjembaraken tebaning boekoe-boekoe kasebat sarana exemplaars. (K. W. Blitar).

Preadvies. Moefakat manawi wonten ingkang gadah paneda.

5. Njoewoen soepados P. K. W. ngawontenaken Commissie ingkang njinaoe bab Katholieken Dag." (K. W. Moentilan.)

Preadvies. Moefakat.

6. Njoewoen soepados P. K. W. oesoel dateng Bestuur Canisius soepados Bestuur Canisius menggaliha indaking Algemeene ontwikkeling lan Katholieke actie dateng sadèrèk goeroe - goeroe doesoen. (K. W. Moentilan).

Preadvies. Sampoen dados penggalihanipoen missie.

7. Soepados P. K. W. manggalih, damel boekoe penoendjoek djalan, minangka handleidingipoen pangrèh K. W. - K. W. (K. W. Solo).

Preadvies. Mriksanana oesoel pangrèh.

8. Soepados P. K. W. njinaoea lan njelidiki bab wontenipoen Bank Katholiek. (K. W. Solo).

Preadvies. Njoewoen katerangaken.

9. Soepados P.K.W. amboedidajaa wontening P. K. W.-nipoen Indonesia. (Tetangsoelipoen pakempalan - pakempalan sociaal sa - Indonesia). (K. W. Solo).

Preadvies. Sapoenika dèrèng saged moefakat.

10. Sarèhning taoen 1931 poenika P. K. W. sampoen oemoer 10 taoen, bok P. K. W. lan K.W. - K.W. ngawontenaken feest 10 taoenan. (K. W. Solo).

Preadvies. Ngentosi djangkepipoen 12½ taoen.

11. Soepados P. K. W. njogoka dateng K. W.-K. W. mitoeloengana dateng adjenging Swara-Tama. [K. W. Klatèn].

Preadvies. Moefakat.

12. P. K. W. nenangia dateng K. W.-K.W. soepados nandangi adjenging economie. [K. W. Klatèn]:

Preadvies. Moefakat.

13. P. K. W. ngréka dajaa ngawontenaken almenak Katholiek [Kalènder] ingkang moerakabi. [K. W. Klatèn].

Preadvies. Neda katerangaken roemijin,

14. P. K. W. soepados andjangkaa dateng practische sociale actie, oepaminipoen Coöperatie, reclasseering, mbikak kliniek. [K. W. Semarang].

Preadvies. Jèn saged moefakat.

15. Anggegesanga Katholieke goede lectuur. [K. W. Semarang].

Preadvies. Moefakat sanget.

16. P. K. W, sasaged-saged ichtijara ngraketaken pitepanganipoen kalijan K. W.-K.W. sarana ngawontenaken sesorah déning warga P. K. W.

Preadvies. Jèn wonten panedanipoen saking K. W. prajogi.

17. Soepados ing poendi - poendi ingkang wonten K. W.-nipoen dipoenwontenana propaganda bureau. [K. W. Ngajodja].

Preadvies. Moefakat.

18. Soepados sedaja K.W. damela vaandel, sasaged-saged sami, soepados wonten eenheid. [K. W. Ngajodja].

Preadvies. Jèn saged moefakat.

19. Soepados pakempalan pralénan wontena tetangsoelipoen: (K. W. Ngajodja).

Preadvies: boten moefakat amargi badé angèl kelampahanipoen.

20. Boten tjotjog oetawi setoedjoe (boten moefakat) jèn boten tampi Communie Soetji kawedalaken saking K. W. (P.K.W.) (K.W. Keboemèn).

Preadvies: Poenika tjengkah kalijan pranatan katholiek semanten poenika manawi ingkang dipoenkadjengaken Communie Paskahan.

21. P. K. W., K. W. K. W. poenapa sampoen gadah reserve fonds - reserve fonds; kanggé darma oetawi dana, jèn dèrèng kedah damel oetawi gadah. (K. W. Keboemèn).

Preadvies: boten moefakat.

22. Rama-rama pangèn Djawi soepados kapotrèt. Sasaged-saged para warganing K. W. K. W. karsaa toembas. (moendoet). (K. W. Keboemèn).

Preadvies: Prajogi jèn saged. Kedjawi poenika kedah njoewoen palilah roemijin dateng Superioring Missie.

N. B. Manawi wonten kakirangan ipoen moegi ingkang ageng ing pangaksama. Kadjawi poenika manawi wonten kasèp datengipoen beschrijvingsbrief ing nginggil poenika sampoen kénging karembag ing K. W. K. W.

Secr. P. K. W.

TOONEELOPVOERING VOOR DE MERAPIRAMP.

K. W. lan P. P. K. D. Klatèn saged njamboet damel sesarengan kalijan pakempalan P. M. K., P. G. H. B. lan K. J. B. (Klatensche Jongelingen Bond), poenapa déné prijantoen Klatèn sawatawis, sarana ngawontenaken tooneel kanggé dana dateng Merapi. Soepados saged toemindak saé ladjeng andapoek Comité. Menggah woedjoeding Comité:

1. Beschermheer R. T. Tjitrawadana boepati anèm.
2. Voorzitter Hr: Bratawiratma mantri goeroe Ngepos.
3. Secretaris Hr. Partawardaja goeroe Standaardschool Sidawajah.
4. Penningmeester Hr. Sastrawerdaja mantri goeroe Sidawajah,

Commissarissen: 5. Hr. Martawihardja. 6. Hr. Mangkoesoeparta. 7. Hr. Tjakraatmadja sami mantri goeroe. 8. Hr. Gandawarsita. 9. Hr. Sastrawinata. 10 Hr. Daldjana. 11. Hr. Jatnasoemarta sami goeroe H. I. S. 12, R. Sasrrasoeganda S. O. Kasoenanan. 13. R. Ng. Tjirataroena A. W poelisi. 14. M. Moehamad Kabiran Beskal griffier. 15. Hr. Soedarma. 16. Hr. Kirtoemadi. 17. Hr. Prawira Séwaja sami goeroe. 18. Hr, Soewardja tjarik Landgerecht. 19. Hr. Karsawihardja tjarik doesoen. 20. Hr. Soetadi goeroe. 21. Hr. Prija (Drukkerij Vorstenlanden).

Déné ingkang sami dados spelers para K.J.B. lan P. M. K. Kala tanggal 6 Februari generale repetitie, gebjagan tanggal 7 Februari. Angsalangsalaning jatra kalih daloe waoe bruto f207,80, sarta namoeng saged dana f 96,10 (sangangdasa nem saketip), Kanggé wragad² f 117,80. Wragad semanten waoe sampoen kalebet ngirid sanget, djalaran saged angsal pitoeloengan saking Commissie maleman gedong ringgit tijang minangka papaning tonilan, geber-geber compleet saking toean Tan Tian Ping, kartjis 2100 lan programma 200 saking drukkerij Vorstenlanden, djès saking pakempalan muziek Solo. Kokar saking Mej. Soeminah. Njamikan kanggé dagaring spelers karigenaken déning R. Ng. Gandawarsita, Mila ingriki Comité boten kasoepèn ngatoeraken panoewoen dateng ingkang sami paring pandjoeroeng.

Anggènipoen namoeng saged njaosaken dana f 96.10 (loemantar sub Comité Klatèn) waoe, djalaran wonten wragad ingkang boten kanjana - njana. Boten langkoeng Comité matoer sanget noewoen malih dateng para paring pitoeloengan woedjoed poenapa kémawon.

Koela
P. S.

VAN LITH-STICHTING

JEJASAN

ingkang kedah

kita

SANTOSAKAKEN.

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.

sami kersa nglebeti, kanti nilar P. G. H. B. sapoenika?

16. Poenapa kantja-kantja saking 6 golongan ingkang sami njamboet damel wonten Goeperménan, lan ingkang golongan ageng sampoen dados warganipoen P. G. H. B. sapoenika, kinten - kinten roedjoek kalijan P.G.K.I. poenika?
17. Manawi P.G.K.I. saged madeg, poenapa kinten-kintén wonten sawoengipoen kanggé mandégani pakempalan poenika, ingkang boten gampil anggènipoen ngembani, djer kabetahanipoen béda-béda?

Para sadèrèk. Pitakénan koela 17 warni inginggil poenika kados atoer koela kaseboet ing nginggil, namoeng kanggé panggalihanipoen pandjenengan sadaja. Nijat koela babarpisan boten badé mentahi rembag.

Manawi pitakénan-pitakénan koela poenika pantjèn saged kawangsoelan ngantos saged wonten oplossingipoen, inggih soemangga, koela namoeng monat-manoet kémawon. Nanging kosok-wangsoelipoen, manawi pantjèn boten saged opgelost, poenapa sababipoen, déné wonten prakawis makaten kémawon, ladjeng kesesa ada-ada damel pakempalan pijambak?

P. G. H. B. mila sanès pakempalan ingkang gampil. Sampoen 6 taoen laminipoenr éwadéné tansah wonten-wonten kémwon ingkang dados sesandoenganipoen. Salebetipoen 6 taoen, tansah organisatie kémawon ingkang karembag.

Saking kejakinan koela P. G. H. B. pantes lan moenggoeh dipoenbijantoe sakijat-kijatipoen, ngantos saged damel mareming sadaja golongan, sadaja pihak, sadaja warga. Madjenging P.G.H.B. lan sentosaning P. G. H. B. namoeng goemantoeng saking para warga pijambak. Manawi para warga pantjèn saijeg, amanah satoenggal, temtoe organisatie-ipoen ing tembé wingking saged bèrès lan saged saé.

Toemrap kita golongan Katholiek— manawi ngèngeti pambengokipoen sdr. Harjadi wonten ing poendi - poendi panggénan i.p. prakawis actie dateng ndjawi — perloe sanget lan kedah anggebjoer ing kalangan P.G.H.B. poenika, soepados sadaja kawontenan-kawontenan, sadaja widji-widji ingkang moeroegaken soelaja, saged kabirat ngantos sirna.

Para sadèrèk goeroe ing kalangan missie toewin Goeperménan saha particulier, golongan Katholiek, soemangga sesarengan ngadjengaken P. G. H. B., soemangga sesarengan ngadjengaken groepsbonden kita pijambak-pijambak, soemangga sesarengan ngerbanaken slira kita kanggé kaperloean kita pijambak.

3. Ngadjak sesarengan nempoeh actienipoen N. I. O. G. anggènipoen badé ngrabasa bètèng confessioneel onderwijs.

Toemrap prakawis poenika lain perkara. Boten oesah karembag pandjang lébar, kita goeroe golongan Katholiek, sanadjan sami njamboet damel wonten ing poendi kémawon, anggadahi kewadjiban lan tanggelan pisan, angadjengaken saha anengenaken dateng confessioneel onderwijs. Sanadjan kados poenapa kémawon, doemoegi poendi kémawon, lan kados-poendi badé kadadosanipoen, kita tansah wani nanggoelang mengsah-mengsah ingkang badé ngrabasa confessioneel onderwijs.

Woesana minangka panoetoeping gegoebahan poenika, moegi para sadèrèk menggalih jektos dateng prakawis saha oréan koela ing nginggil poenika, lan sampoen kesesa andawahaken poetoesan.*)

Koela memoedji.
Banjoemas 19 Februari 1931.
P. S. Atmasoedarma.

PRADJA RAHAJOE.

FILM LAMPAHAN KIEWIET DE JONGE.

Prakawis salaman dados gendra.

G. G. contra Minister Djadjahan.

Manawi wonten tanah djadjahan. Prakawis salaman kémawon dados gendra!

Kalih minggoe kapengker swasana Voksraad ébah margi pasoelajanipoen Minister Djadjahan kalijan G. G. ing ngriki.

Sawatawis woelan kapengker, kalanipoen Ir. Soekarna babantèng P.N.I. kapriksa ing landraad Bandoeng, wonten lalampahan ingkang ladjeng dipoenfilm pers petak. Menawi koela boten klèntoe, ingkang damel film waoe redaktoeripoen Algemeen Handelsblad (Semarang) ing Djawi Kilèn, ingkang ladjeng dipoenpetik wonten serat-serat kabar Walandi.

Film poenapa? O, dédé film lalampahanipoen Sigomar, Tarzan, lss. Film waoe, film politiek tanah djadjahan, inggih koloniale politiek Njarijosaken lalampanipoen Wakil Pamaréntah t. Kiewiet de Jonge kalanipoen katarik wonten pradata ing Bandoeng gagandéngan kalijan prakawis P. N. I. Kala semanten manoet film waoe, wonten pradata ngrikoe t. Kiewiet de Jonge loenggoehipoen njaketi Ir. Soekarna, toer mawi kasih tangan barang dateng babantèngipoen P.N.I., ingkang toemrap regeering katetepaken dados satroening koloniale politiek. Éman déné artikel ing Alg. Handelsblad waoe koela oepadosi boten pinanggih. Nanging koela taksih kèngetan tjeta, bilih redaktoer Alg. Handelsblad, ing West - Java waoe anggènipoen damel film sanget talesih: loenggoehipoen, tangkepipoen, goenemanipoen, dipoentjarijosaken kanti gamblang, toer anggènipoen njarijosaken waoe kanti ati, ora lega ora lila. Dalasan anggènipoen njeboet

*) Minggoe ngadjeng redaktoer kita A.S.D. soeka wangsoelan. *Red.*

KABAR SKING BETAWI.

IV

Ing karangan koela angka III koela sampoen naté njeboet namanipoen sadèrèk Saéroen, ingkang sapoenika ngemoedèni „Siang Po" lan soewaoe dados plaatsvervangend hoofdredacteur „Keng Po."

Manoet „Bintang Timoer," leres kala samanten sadèrèk Saéroen mawi seboetan plaatsvervangend, nanging saleresipoen inggih hoofdredacteur loegoe - loegoe.

Lah jèn makaten, poenapa goenanipoen seboetan plv. waoe? Boten lija namoeng kanggé ngajem - ajemi raos kebangsan . . . . Tiong Hoa.

Kados sapoenika wonten ing „Siang Po" oegi makaten, seboetanipoen sadèrèk Saéroen taksih plv. hoofdredacteur.

Lelampahan ingkang makaten poenika, bangsa tjara ngajem - ajemi, oegi pinanggih ing babadipoen „Bintang Mataram." Kala hoofdredacteuripoen (Tjoa Kim Tjeng) mingser dados plv. directeur, sad. Drijowongso, ingkang soewaoe dados plv. hoofdredacteur ladjeng dados hoofdredacteur.

Temtoe kémawon ingkang makaten waoe sami sanalika ladjeng wonten raos kirang sakétja ing kalangan Tiong Hoa, margi ngèmoeti „Bintang Mataram poenika darbèkipoen brajat Tiong Hoa,—sakedap kémawon temboeng hoofdredacteur itjal, kagantos redactie, lan wingkingipoen nama Drijowongso ladjeng moentjoel nama Tiong Hoa kalih, ingkang soewaoe namoeng satoenggal

Dados kawontenan sadaja waoe poenika tetep namoeng kanggé ngénaki sarak.

Doemoegi samanten bokmanawi wonten ingkang pitakèn: lo, sadèrèk Djawi teka ngantos ngemoedèni serat kabar darbèkipoen golongan Tiong Hoa poenika kados poendi?—poenapa kirang djoernalis Tiong Hoa?

Wangsoelan koela: boten! ingkang makaten waoe margi boten kasengadja, dados: dilalah, njarengi kabegdjan ingkang kalambaran koelina lan kasagedan.

Margi kadjawi sadèrèk kalih poenika bokmanawi taksih wonten malih sanèsipoen, ing Semarang (Tjondrokoesoemo, 10 taoen ngemoedèni Djawa Tengah?) lan Soematra (Palèmbang?) kados inggih wonten lelampahan ingkang kados makaten waoe.

Toemrap sad. Drijowongso bokmanawi sagedipoen ngemoedèni „Bintang Mataram" poenika loegoe margi koelina, routine, margi sampoen dangoe kerep njerat ing serat kabar.

Déné toemrap sadèrèk Saéroen, kedjawi koelina, oegi kasarengan wijaring seserepan lan pepaking kasagedan. Awit manawi boten makaten, mokal koewawi ngregem „Keng Po," aben kekijatan kalijan „Sin Po" ingkang sampoen ageng, ngojod lan pepak balanipoen.

Poenapa djoernalis margi koelina tok saged dados digdaja lan ageng! Wangsoelan koela saged! Soewargi Zaalberg, redaktoer „Bataviaasch Nieuwsblad", wiwit blandja 15 roepijah, toekang njerati adrès, ngantos dados djoernalis ingkang kadjèn kèringan, rembag-rembagipoen kaalem maton, lebet, boten kekatahen temboeng ingkang tanpa goena.

Zaalberg poenika kosok wangsoel kalijan Adinegoro, Tabrani lan djoernalis sanèsipoen ingkang sasampoenipoen tamat pamoelangan loehoer oetawi tengahan, mawi titel Ir. Mr. Dr. oetawi sanèsipoen, saweg wiwit ngébahaken pèn.

Ladjeng, djoernalis koelina kalijan djoernalis sekolahan poenika jèn sami dipoenketog poendi ingkang oenggoel? Atoer koela: walahoe alam. Awit agenging djoernalis poenika inggih saged margi katoet kalijan koranipoen. Mangka koran poenika sagedipoen ageng boten namoeng margi katoet seboetan prof. dr. ir. mr. oet. sanèsipoen, nanging inggih gajoetan kalijan partij lan papaning ngedalaken lan toedjoeanipoen.

Kanggé gampil: koran Ngajodja angèl sanget sagedipoen noetoeti koran Betawi, Semarang, Soerabaja. Advertentienipoen kémawon adat kawon katah, ingkang maos oegi kawon katah lsp.

Lan malih: djoernalis sekolahan kerep menang basa, seserepan oemoem; nanging kerep kawon koelina bab panganggèning temboeng lan kawon seserepan ndjawi ingkang nggepok djoernalistik, kawon apal dateng lelampahan² ingkang perloe, dateng nama-namaning pengandjoer, koran, partij lss. katah malih.

Dados senadjan djoernalis margi koelina, kerep kawon seserepan sekolahan, nanging wonten médja redaksi lan wonten pakempalan adat langkoeng djendjem linggihipoen, margi toemrap pijambakipoen „tidak ada barang baroe," langkoeng saged ngemong dateng para maos lan srawoenganipoen, lan padatan inggih langkoeng awas dateng semoe-semoe ingkang dados tjihnaning lelampahan-lelampahan ingkang wigatos, langkoeng saged „ngambet" dateng kawontenan.

Manawi boten klèntoe Zentgraaf lan Parada Harahap oegi klebet klas djoernalis ingkang margi koelina poenika.

Djoernalis ingkang sampoen potok, boten badé gimir soemerep seboetan mr. lan sanès - sanèsipoen, margi sampoen ngroemaosi saged njepeng manahipoen tijang katah. Manawi poeroen, badé mbentjèt mr. anoe oetawi dr. anoe gampil kémawon; kosok wangsoelipoen, poen titel dr. mr. ir. ingkang taksih grès, dèrèng ngojod wonten ing madyaning gesang paraméan, dèrèng saged tanggel jèn koemandanging swaranipoen badé saged ngeloen tijang katah, badé saged ngingser gagasaning tijang sarengipoen gesang.

Mila atoer koela tetep: walahoe' alam, bedjan - bedjan lan goemantoeng oegi dateng karosaning tékad lan badan.

Perloenipoen anggèn koela matoer sadaja poenika dadosa katja benggala, bilih kasagedan makaten jèn katanding kalijan pangalaman (wonten ing djoernalistik) kalih - kalihipoen saged sami kijatipoen, saged sami padjengipoen wonten ing golongan pijambak lan ing golongan sanès, kados sadèrèk Saéroen lan Drijowongso saged ngemoedèni koranipoen golongan Tiong Hoa, Ingkang soepados andajanana dateng sadaja kémawon ingkang nedya ngrebat papan - saé ing kalangan serat kabar, poenapa pawitan pangalaman, poenapa pawitan kasagedan, kalih-kalihipoen saged pigoena sadaja, tjontonipoen sampoen sami koela atoeraken.

Wosipoen:

Boten wonten ada tanpa kadadosan, énggal lami waton ada waoe dipoen temenani, kedadosanipoen temtoe badé moentjoel pijambak. Lan terang oegi, bilih ing sadaja nagari, ing sadaja basa, ing sadajaning golongan adjeg mbetahaken djoeroe-kabar, mila ingkang kepéngin angsal panggesangan saé sarana nganggit - anggit lan nglempakaken kabar boten mokal jèn sedyanipoen saged kaleksanan saèstoe. Ingkang perloe tlatos, pitados lan boten adjrih rekaos.

Lan golongan kita, njata perloe gadaha djoeroe ngarang ingkang kobèt seserepanipoen, membat boedinipoen, awas paningalipoen, ngatos-atos tindakipoen, énténgan baoenipoen, resik manahipoen, kijat pikadjenganipoen!

Awit inggih pijambakipoen ingkang dados petjalang lan pengandjoer kita, saged tjloeloek jèn wonten poenapa - poenapa ingkang perloe oetawi mbebajani, saged oedoe rembag jèn wonten prakawis énggal oetawi radi peteng, lan kosok wangsoelipoen saged ngabaraken mendjawi poenapa - poenapa ingkang kénging kawedaraken.

Mila ingkang sami kagoengan dasar saged njerat lan ngarang, mangga katindakna, botenipoen tampi lintoe kangélan pandjenengan, dinten wingking „sadaja" temtoe badé netes.

Manoet isining kalawarti kita ingkang wonten sapoenika poenika koela saged matoer, jèn greget lan kakijatan sampoen tjekap, namoeng „adiloehoeng" lan „kaaloesan" taksih kerep dipoentilar ing sawenèhing para njerat, mila bab poenika perloe kagatosaken. Tjekak aesthethiek dèrèng dados manahan satjekapipoen. Dados sasampoenipoen kekendelan, kekijatan, kasantosan, poen djoernalis kedah ngoedi bab resiking temboeng, leresing panjerat, resiking oekara, aloesing basa, padanging gagasan ingkang kalairaken.

Sampoen ngantos kekatahen temboeng embrèh-embrèh, tanda-tanda langkoeng saking saperloe. Lan kawoeningana:

tijang njerat ing koran sampoen mligi pados leganing manahipoen pijambak, nanging inggih ngangkaha soepados ingkang maos angsal toelada saé.

Sadèrèk Saéroen saged mlangkring ing médja redaksi darbèkipoen golongan sanès, jèn saged koran kita sageda mlangkring jèn katanding ing barisaning koran . . . sanès.

poen PATRICIUS.

t. K. d. J. dateng Ir. Soekarna mawi, mijnheer, de heer, inggih dipoenwaoni.

Film Kiewiet de Jonge poenika, sasampoenipoen kamainaken wonten médja pers, ladjeng soemengka minggah doemoegi Médja Loehoer ing Nederland lan Nederlandsch-Indië.

Manoet Memorie van Antwoord, Minister Djadjahan anetepaken bilih tindakipoen Wakil Paréntah wonten ing pradata Bandoeng waoe nama koetjiwa alijas te kort geschoten toemraping prijantoen kados sariranipoen Kiewiet de Jonge. Poenapa prijantoen ingkang makaten waoe taksih dipoenkanggèkaken njoewita Ned.-Indische regeering, poenika ingkang bakoe goemantoeng dateng G.G. pijambak. . . . . Nanging, toemrap sariranipoen Minister Djadjahan kagoengan panganggep tindakipoen t. Kiewiet de Jonge waoe anedahaken mijoeripoen, teloekipoen dateng tijang ingkang nedya adamel hantjoering papréntahan Nederlandsch-Indië: „. . . . . een optreden dat inderdaad den indruk kan vestigen van slapheid en toegeeflijkheid tegenover personen, verdacht van ondermijning van het Nederlandsch-Indische gezag . . . " Mangka pantjènipoen ingkang makaten waoe toemrap prijantoen kados t. Kiewiet de Jonge, kedah boten toemindak. . . "

Katranganipoen Minister Djadjahan ingkang makaten waoe, kentjèngan kémawon dipoenwangsoeli G.G. ingngriki wonten Volksraad loemantar serat. Serat waoe, soeraosipoen: badéja makaten-makaten, Ingkang Witjaksana boten angitjali agenging kapitadosanipoen dateng Wakil Paréntah toemrap prakawis Oemoem, inggih t. Kiewiet de Jonge.

Toewan Kiewiet de Jonge, atas namaning serira pijambak, wonten Volksraad ngrikoe ladjeng mratélakaken kados-poendi lenggahing salamanquestie waoe. Soeraosipoen: kala wonten pradata Bandoeng poenika dédé tindaking Wakil Paréntah, nanging tindakipoen toewan Kiewiet de Jonge; een persoonlijke optreden . . . . . .

Lan manoet katranganipoen Wakil paréntah wonten Raad Kawoela, Indische regeering gadah pamanggih Wakil Paréntah poenika dados slomprètipoen regeering wonten Volksraad sarta angèngeti anggènipoen dados wakil saha djoeroe soeka rembag, pantjèn perloe Wakil Paréntah waoe wonten sadjawining Raad Kawoela sasrawoengan kalijan panoentoen-panoentoening pakempalan politiek warni-warni.

Katranganipoen Minister Djadjahan waoe karembag oegi wonten Volksraad. Toewan Stokvis ladjeng damel motie anglawan katranganipoen Minister Djadjahan. Nanging, ... sasampoenipoen karembag ramé motie waoe dipoentjaboet . . . . . Sigeg.

* * *

Sinten ingkang ningali film lampahan Kiewiet de Jonge kaseboet nginggil, ladjeng mangertos bilih manggalaning koloniale politiek sami padoedon arebat deg. Koloniale politiek ing Nederland loemantar Mantri Djadjahan, tjarijos: . . . „Soekarna koewi moengsoehé koloniale politiek. Moelané klèroe nèk Regeeringsgemachtigde gelem salaman karo Soekarna, awit koewi amratandani teloek, kalah . . . . " Nanging, ... wakilipoen Koloniale politiek ing Indonesia, amastani: . . . „Sing ana pradata Bandoeng koewi Kiewiet de Jonge; doedoe Regeeringsgemachtigde. Karo manèh toemrap gemachtigde lan adviseur-ing paréntah, perloe banget sasrawoengan karo panoentoen-panoentoening partij politiek golongan lan bangsa apa baé. Moelané enggoné salaman maoe ora teges takloek, ora teges toendoek. Malah kita Indische regeering isih woetoeh kapitajankoe, ora gempal satitik-titika, sanadjan ana ing landraad Bandoeng dèwèké salaman karo moengsoehé koloniale politiek kang awoedjoed Ir. Soekarna."

Kita sapoenika mangertos, sanadjan ing kalanganipoen para sardjana soedjana, para djadoeg para djamhoer, inggih wonten talingsingan rembag prakawis persoonlijk kalijan officieel, dines kalijan partikelir.

Manawi koela, ingkang gadah panganggep salaman poenika kalebet tata-krama, poeroen kémawon anandoekaken tata-krama poenika inggih dalasan dateng mengsah koela pisan. Nanging, pandjenengan inggih sampoen goemoen manawi wonten tijang boten poeroen salaman sanadjan sampoen tepang, margi kabekta saking sengit lan pangigit-igitipoen. Pandjenengan kedah angèngeti wawatakan ingkang doemoenoeng ing manoengsa, wonten ingkang awatak blaka soeta, blak-blakan, djerokoe ja djabakoe; . . . lan wonten malih tijang ingkang mawi sinamoen ing semoe lan samoedana. Kalih poenika poendi ingkang menang saé, koela njoemanggakaken.

Éwadéné, perloe koela èngetaken, bilih salamanquestie waoe ingkang toemrap koloniale politiek kamanah penting, toemrap kita ingkang sami anggajoeh dateng Indonesia Merdéka, boten barang-barang, boten mikantoeki poenapa-poenapa. Dados tanganipoen koloniale politiek ingkang salaman kalijan Ir. Soekarna poenika boten mikantoeki dateng pergerakanipoen Ir. Soekarna pijambak, soemarambahipoen dateng pergerakanipoen Indonesiërs. Dipoendjak salaman kalijan boten, toemrap kita sama sadja, . . . kita teksih kedah teroes andedel ambanteraken lampahing montor pergerakan kanti ihtijar-ihtijar ingkang njekapi amitajani.

Kadjengipoen dia sama dia sami regedjegan, kita kémawon ingkang kedah madjeng ing pandamelan.

A. S. D.

DJAGAD WANITA.

Panggoela-wentahing wanita.

(Sesorahipoen rara *F. Soetijem*, oetoesan W. K. Solo wonten Konggrès P. W. K. 15 Februari. 1931).

(Sambetipoen Sw. T. no. 8.)

—o—

2e. Kedah kalarasaken kalijan koewadjibanipoen wanita kados déné Iboe lan djoeroe panggoela-wentahing poetra!!

Sapinten awrating koewadjibanipoen Iboe, sapinten awrating nggoeta-wentah laré menggahing kabalosan lan badan wadagipoen, boten perloe koela djèrèng ingriki, djer kita temtoe boten kekilapan.

Kanggé kaperloean poenika wanita kedah asikep dedamel warni-warni!! Iboe kados déné katjabengggalaning poetra, goeroening poetra, kedah tansah paring toelada saé, kedah soesila, oetami gesangipoen, soepados katiroea ing poetranipoen; kedah ngertos dateng prakawis hygiëne sawatawis lan prakawis sanès-sanèsipoen malih!

Iboe kedah gadah invloed (pengaroeh) kanggé poetranipoen; pengaroeh ingkang medal saking katresnan lan adedasar kasoesilan. Pengaroeh waoe kedah saged ngantos doemoegi laré ageng pisan.

Boten kirang-kirang sadèrèk, tijang ingkang misoewoer-misoewoer sagedipoen dados ageng inggih margi saking lelabetanipoen iboenipoen. Boten sakedik tjatjahing prijantoen misoewoer-misoewoer ingkang sanget bektinipoen dateng ingkang „Iboe" inggih margi ngèngeti agenging lelabetanipoen iboe dateng „poetra," awit inggih poen Iboe ingkang moela-boekani mbikak mripat koela sadaja, ingkang ladjeng kawanoebaken dateng Pangéran. Inggih iboe ingkang noentoen kita dateng alam padang, ingkang nedahaken sapinten mahaloehoering Pangéran ingkang sanget koela tresnani.

Nitik poenika koela ladjeng mangertos sapinten genging pengaroehipoen iboe, sapinten awrating sesanggènipoen iboe.

Iboe ingkang oetami temtoe boten kekirangan pengaroehipoen dateng poetranipoen. Sapoenika manawi iboe ingkang mblasar, ingkang boten soemerep dateng koewadjibanipoen poenapa boten badé katiroe ing poetranipoen? Kepara langkoeng gampil toemoelaripoen! Mila wonten bebasan Walandi ingkang moengel: „De appel valt niet ver van den boom!" („Katjang mangsa ninggala landjaran" — *Red).* Kaoetamèning wanita mila perloe sanget!

3e. Kedah kalarasaken kalijan wanita, kados déné tetimbanganing prija.

Djaman sapoenika djaman madjeng. Wanita inggih kedah toemoet madjeng!! Wanita kados déné tetimbanganing prija, kedah saged toemoet ngembat prakawis ingkang perloe lan wigatos. Kapinteraning wanita poenika perloe lan saged soeka pitoeloengan dateng kakoengipoen.

Ing djaman kemadjengan poenika, wanita perloe toemoet madjeng, amrih timbang lampahing prija lan wanita. Temtoe kémawon kamadjenganing wanita waoe boten kénging tjengkah kalijan kawanitanipoen.

Aloesing boedi lan inggiling kasoesilan kedah tansah dados rerengganing wanita.

4e. Kedah kalarasaken kalijan pakarjan ingkang badé dipoentindakaken!

Para sadèrèk!

Kawontenaning Maatschappij saja éwah-éwah!! Boentasing éwahipoen waoe ngantos wonten ingkang doemoegi kados déné pangandikanipoen: Ingkang Minoelja Kangdjeng Kardinaal Kopp. wonten ing Pruisen i. p. Kita perloe ndjembaraken tebaning padamelan kanggé para wanita, inggih ing babagan economie, inggih ing prakawis sanèsipoen.

Djaman samangké maatschappij mbetahaken vrouwelijke krachten, inggih wonten ing djagad onderwijs, sociaal oepami dados goeroe, verpleegster dokter wanita, njamboet damel wonten ing kinderinrichtingen, instituut tijang éwah l. s. p.

Gegandéngan kalijan prakawis poenika, perloe sanget wontenipoen pamoelangan-pamoelangan èstri, inggih pamoelangan andap tengahan, ngantos doemoegi inggil pisan.

(Badé kasambet).

SEKOLAHAN.

GOEROE ROENDA?

Kita kedah kanti temen-temen anggènipoen, ngoermati, tresna lan bangoen toeroet dateng pangagengipoen.

Ananging wonten kala mangsanipoen dawoehing pangageng waoe awrat sanget, ngantos mèh mokal kéngingipoen dipoenlampahi, lan wonten oegi ingkang gampil, ngantos sadaja kawoelanipoen saged nglampahi kanti seneng.

Sigeg. Gentos katjarijos.

Ing doesoen Ragaéna kaloerahan no. 350 Djokjakarta, ing ngrikoe wonten satoenggiling prijantoen goeroe njéwa grija wonten ing koekoeban kaloerahan kaseboet. Pandjenenganipoen kadawoehan ing loerah, manawi saben kalih minggoe sapisan roenda (patrol).

Roemaos koela dawoeh ingkang makaten awrat sanget kanggénipoen para goeroe malah mèh mokal sagedipoen nglampahi.

Manawi wonten prijantoen goeroe, ing wantji daloe roenda, koela saged namtokaken, manawi goeroe poenika badé gampil sanget anggènipoen nilar wadjib. Sapisan ing daloenipoen tamtoe boten saged voorbereiding, kaping kalih, éndjingipoen anggènipoen moelang badé boten saé, awit ngantoek. Mangga sapinten kapitoenanipoen? Padamelan goeroe poenika boten baèn-baèn lo, béda sanget kalijan padamelan tatanèn, noekang kadjeng, tosan lsp. Boten namoeng ngiradat siti, kadjeng, tosan, nanging ngiradat, tijang, sagedipoen saé pamanahanipoen, lan pinter. Soepados ing tembé sageda manggih rahadjeng. Jèn para goeroe sadaja anggènipoen moelang kasaénan (kaoetamèn) lan kapinteran, kanti toememen, temtoe para moeridipoen saged saé, lan pinter, nanging manawi anggènipoen moelang ngantoek, tamtoe moeridipoen badé bodo.

Wadjibing goeroe poenika boten namoeng moelang kapinteran nanging inggih kasaénan. Boten tjekap manawi tijang poenika namoeng pinter, nanging inggih kedah saé pamanahanipoen.

Dados sampoen tamtoe, manawi para goeroe sadaja sami ngepeng kasaénan, para moeridipoen inggih katah ingkang badé saé.

Saéning para goeroe tamtoe andajani saéning nagari, makaten oegi awoning para goeroe tamtoe andajani awoning kawoela (koela kedah sami angèngeti manawi para moerid poenika badé dados tijang sepoeh). Mangga, padamelan makaten poenapa gampil? Ing semoe gampil, nanging sadjatosipoen . . . noen, kados-poendi?

Pramila sadèrèk goeroe kasebat nginggil soepados saged netepi koewadjiban ingkang awrat poenika, kinalisna ing padamelan roenda. Goeroe waoe sampoen naté njoewoen soepados boten roenda, nanging poen loerah boten marengaken. Sarèhning roemaos dados wewengkoning loerah, poen goeroe sanadjana awrat sanget, meksa nindakaken, awit loerah poenika awak-awaking nagari. Sapriki sampoen kalampahan kirang langkoeng sataoen, nanging sarèhning poen goeroe boten saged roenda pijambak, mila kapeksa berahaken.

Mangga dipoenétang. Limrahipoen berahaken roenda poenika saketip sadaloe. Ladjeng sataoen roenda kaping pinten, manawi kalih minggoe sapisan, sataoen kaping 26, dados émbalanipoen inggih f 2.60 manawi 10 taoen wonten f 26×10 = f 26 jèn ngantos 40 taoen rak wonten f 26×4 = f 104. La rak katah manawi dipoenétang, ambak-ambak ming doewit saketip saben rong minggoe.

Koela tékad-tékadan inggih poeroen roenda, nanging oeger éndjingipoen boten moelang.

Prakawis poenika dados panggalihanipoen para goeroe sadaja, lan sadaja ingkang wadjib ngrembag.

Noewoen

J. S. P.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

BLANDJANIPOEN PRIJANTOEN DIPOENSOEDA?????

Margi dajaning malaise! Warni² rékanipoen paréntah anggènipoen badé njekapaken betah. Ngrika dipoenirid, ngriki dipoenlongi, lss. Koemisi ingkang pinatah babagan poenika, ngoesoelaken soepados bajaripoen para poenggawa goepermèn poenika dipoenlongi kémawon. Manawi katampi rembagipoen, anggènipoen ngelongi makaten:

bl. f 50—f 250 d. longi 3% sb. wl.
„ f 250—f 500 „ „ 5% „ „
„ f 500—f 1000 „ „ 7% „ „
„ f 1000 mingg. „ „ 10% „ „
déné blandja sangandapipoen f 50 boten dipoenpoenapak-poenapakaken.

Margi aggènipoen badé ngelongi blandja kados pratélan ing nginggil poenika, pétanganipoen, nagari tjalon saged ngirid f 15.000.000. Loemajan!

Manawi kamanah kanti angèngeti betahipoen *pijambak*, blandja dipoenlongi poenika pantjèn inggih awrat. Sampoen paos mindak katik bajar soeda pisan! Soedan blandja waoe sampoen mesti badé andjalari kotjar-katjiring balé-grija kita. Ambibrahaken begrooting ingkang sampoen toemindak saprika sapriki.

Nanging, ... kita boten kénging namoeng ngèngeti betah kita pijambak, sanadjan betah sajektos, *boten* namoeng *damelan*. Kita kedah gadah watak poeroen *koerban* kanggé perloenipoen *katah*. Manawi *kepeksa*, manawi *terpaksa*, kados-poendi malih! Dipoenlongi inggih soemangga. Terpaksa tegesipoen: boten wonten margi sanèsipoen malih.

Roemaos koela, tinimbang ngawontenaken pangiridan mawi lampah *amotjoti poenggawa*, aloewoeng toemindak kados ing nginggil. Dados nama: kasanggi tijang katah. Karaosaken tijang sadaja. Dajanipoen: èntèng; kados oengelipoen tijang Walandi: „gedeelde smart is halve smart."

Rèhné prakawis ing nginggil poenika saweg nama oesoel ingkang tjalonipoen taksih karembag, perloe sanget manawi wonten pitakénan:

a. Poenapa presénan poenika sampoen nama adil saèstoe? Sokoer manawi sampoen. Kados-poendi kateranganipoen?

b. Béndjing manawi ngantjik djaman *lema*, poenapa inggih lestantoen dipoentjowok? Dados, tjowokan waoe wangenanipoen manawi sampoen pinten taoen?

Pitakènan-pitakénan ing nginggil poenika, perloe sanget dipoenmanah. Langkoeng-langkoeng pitakèn b. Perloenipoen boten *rèwèl* ing wingkingipoen.

Kala wonten swanten ngoesoelaken soedaning bajaripoen para poenggawa goepermèn kaseboet nginggil, V. V. L. (Vereeniging Voor Landsdienaren) ladjeng tjantjoet, andoewa. Angèngeti anggènipoen dados pakempalan toenggil damel, *vakvereeniging*, aksinipoen V. V. L. waoe pantjèn sampoen saleresipoen. Nanging manawi angèngeti bilih kawontenanipoen ing ngriki saged meksa paréntah *kepeksa* kedah toemindak makaten, koela kinten V.V.L. inggih kedah boten ngladjeng-ngladjenaken pandoewanipoen.

Semanten oegi koela inggih anggoemoeni t. Fruin anggènipoen wonten Raad Kawoela njoewanten: „loewih betjik padjegé dioenggahaké, tinimbang bajaré disoeda."

Nitik kawontenan sapoenika, boten saged kita milih prakawis: „bajarkoe baé longana; padjegé adja ko-oendakaké. Oetawi: „padjegkoe baé oendakna, ming bajarkoe adja ko-soeda." Larasipoen tangèh manawi kita saged pikantoek salah satoenggalipoen poenika. Ingkang katah leresipoen: *padjeg moendak, bajar soeda.*

Kados ingkang koela atoeraken ing nginggil, manawi terpaksa, kita kedah angadjengi prakawis kalih pisan poenika. Namoeng kémawon: sampoen ngantos regeering ngladjeng-ngadjengaken anggènipoen nindakaken bezuiniging mawi lampah amotjoti poenggawa. Poenika bebajanipoen ageng sanget. Tinimbang tangan kotong, aloewoeng sakedik-sakedik isi.

Saoepami woedjoeda tijang, kénging kagambar, sapoenika poenika regeering nangis-nangis saèstoe. Boten kendat anggènipoen ngoengelaken tandaning kedoewoeng, inggih acte van berouw. Saben-saben tansah atebah-tebah dada: mea culpa, mea culpa. . . . . Kèngetan anggènipoen remen obral-obralan, rojalrojalan kala taoen ingkang sampoen-sampoen.

Nanging jèn kedoewoeng sajektos saha watak satrija sajektos, mesti inggih ladjeng goemrégah wangsoel dateng margi, boten badé ngaping kalihi. Jèn makaten, accoord!!

Kummuningsaselé 23 Februari '31.

Taklim: *Patjar Mèrah.*

CORRESPONDENTIE.

Abn. 313, kw. I. taoen '31 sapoenika sampoen sah. Abn. 516, pandjenengan kanggé taoen '31. Sampoen sah. *Adm.*

1). *Abn. 556,* Bab poenika mriksanana Kabar Kat. ing Sw. Tm. poenika. Kadjawi poenika kita mireng pawartos, jèn bakda Paskah ing Giri-Santa inggih badé wonten retrèt malih (wragad: f 20,—). Nanging kados ingkang kaseboet ing Kabar Kat. badé wonten tatanan ingkang goematok. Dados moegi karsaa sranta sakedik.

2). *Abn. 323.* Verslag pandjenengan kados sapoenika boten perloe jèn kapatjaka. Sampoen ndadosaken ing penggalih. *Red.*

OERAP-SARI

KABAR KATOELIK.

VATICAAN. *Seseboetan Exellentie.* Sapoenika wonten tetepan opisijil, para Kangdjeng Maha Biskop lan Biskop Katoelik kinarsakaken ngagem seseboetan „Exellentie."

Oeroen gandjaran boten sapélé.

Grija-grija sakit R.K. kanggé tijang sakit T.B.C. ing Itali sami ngwontenaken loterij. I. S. K. Santo Bapa dipoensoewoeni, soepados karsaa paring oeroen gandjaran. Ngarsa dalem inggih dangan ing panggalih karsa oeroen gandjaran awoedjoed: tesbèh ingkang kadamel saking séla akik karèntèng mawi ranté mas; sarta mawi kinanténan berkah pengpengan kanggé loterij waoe.— La, kados makaten poenika rékanipoen, soepados para poetra poeroena tjoetjoel dana, noeloengi pendamelan saé!

INDONESIA. *„Giri-Santa."* Grijaretrèt „Giri Santa" béndjing Minggoe Prihatin (Goede Week) sampoen badé kaénggalan. Déné ingkang kénging toemoet retrèt ing Minggoe Prihatin poenika namoeng ingkang angsal sedahan. Saladjengipoen taksih badé katata.

— Moegi sawabing „Giri Santa" soemrambah ing poendi-poendi!

Padjar saking Bara.

1). Koekoeban Missie ing Bara, inggih Kalibawang, poenika tijangipoen ingkang tjekap, inggih tjekap. Tamtoe kémawon! Lo, anggèn koela matoer makaten waoe, mindak dipoenwastani ngesoraken tijang! Nanging ingkang katjingkrangan, inggih boten kirang.

Ingkang poenika Pastoor Satiman asring pados margi sagedipoen ambingahaken tijang ingkang poeroen toewin pantes dipoenbingahaken.

Kados-poendi?

Saplokipoen kondoer saking negari Walandi sampoen kintoen serat dateng sadèrèk-sadèrèk Katoelik Djawi ing Soerabaja, kaping tiga, teka inggih angsal kintoenan kaping tiga.

Kintoenan poenapa?

Kintoenan loengsoeran sembetsembet, ngalih bèsèk ageng. Djas, broek, rangkepan, oedeng, sindjang, saboek, topi, sampoen ta, pepak sanget, kados bèsèkipoen tijang njoelap!

Sadaja waoe ingkang nglempakaken sinten?

Inggih Zelateur oetawi gegémbongipoen ing Soerabaja! Toer kantja-kantja Katoelik tamtoenipoen inggih katah ingkang poeroen nglegakaken ngeteraken pijambak. Tijang poenika pandamel saé moeroegaken katrimah ing Pangéran.

Lah ingkang kadamel wragad angintoenaken, jatranipoen sinten?

Poenika koela kirang terang. Nanging terang jèn jatra Soerabaja. Pastoor boten kétjalan poenapapoenapa. Wah, namoeng kintoen serat sasoewèk kémawon, teka angsal damel saèstoe. Jèn koela mastani, seratipoen Pastoor Satiman poenika pantjèn ampoeh.

Ah, poenika koela maiben sanget, saking pandoegi koela, inggih namoeng saking tjantasipoen, tjakrakipoen, andjlagedagipoen para

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA, dengan bawa lembaran Swara Tama **dapat POTONGAN.**

FRIELING'S GLANSVERF A

kanggé ngetjèt ndjawi lan nglebet grija, kantoen ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2½	1	½ KILO
sa-blèg	10,50	5,50	3	1,30	0,75 roepijah

IJzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen ngoesaraken kémawon, teroes kénging kaanggé.

Dipoenwadahi blèg netto	10	5	2½	1	½ KILO
sa-blèg	7.-	3,75	2,15	0,95	0,55 roepijah

Loodmenie toelèn, regi oegi sami samanten.
" " garing woedjoed boeboekan
dipoenwadahi tong à 50 Kilo, sa-tong F 28,50.

Verffabriek R. B. FRIELING

HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

Boeat toean poenja

Recept²

E R ERCEE E E

APOTHEKEN **Rathkamp** & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja permintaan die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat

Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:

BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda-speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.

Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:

WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

kadang Kath. Djawi ing Soerabaja.

Poenapa sadèrèk-sadèrèk ing Ngajodja, Sala, Semarang sapanoenggilanidoen kawon sorot?

Dèrèng kantenan!!

2). Saweg ping 15 Pébroewari grija-sakit ing Bara karawoehan Bandara Pangéran Djajakoesoema kalijan ingkang bibi, anirahaken poetranipoen timoer, asma R. M. Barata, Sareng kondoer pinarak dateng Pastoeran, ngandikan kalijan Pastoor Satiman ngantos radi dangoe. Pandjenenganipoen Pangéran katingal rena.

Mila prijantoen partikelir poenika, jèn kadoegi dateng pandameling Pastoor toewin Zuster, andemenakaken; anggènipoen gapjak toewin pitados.

Sanès kalijan prijantoen Bestir; boten mastani ing kedjawèn, boten mastani ing goeperménan; jèn ing dalem manah kirang tjètjèg kalijan Missie, inggih asring gèsrèk.

Ingkang makaten poenika mila sampoen saleresipoen! Dipoenawasaken kémawon, lo, tandangipoen Missie!! Poenika rak badé damel awon toewin pitoena dateng tijang Djawi!!!

3). Tanggal 5 Maret poenika angénggali grija sakit Bara, ingkang mawi kepjakan. Prijantoen Bestir, wiwit ageng doemoegi alit, ingkang pantjèn kedah, inggih dipoenatoeri.

Goewa Lourdes ing bang wétan.

J. S. M. martosaken: ing Baléardjasari, sakidoel Malang, sampoen dipoenadegaken Goewa Lourdes. Anggènipoen kabarkahan tg. 8 Fébroewari; ageng-agengan; tamoe katah sanget, toer pepak. Papanipoen métok, goewa dalasan retjanipoen ageng; dados saking tebihan sampoen tjeta. Ingkang tjoetjoel wragad, pandjenenganipoen toewan Blijdenstein; ingkang dados architect-ipoen, padoeka Frater M. Chrysostomus. Dateng kalih-kalihipoen, makaten oegi ing pandjenenganipoen Mgr. v.d. Pas, ingkang sampoen karsa mbijantoe saha ngombjongi, kita matoer noewoen!

Moegi sdr. Katoelik bang Wétan, sajaa raket anggènipoen tresna dateng Iboe kita, Dèwi Mariah! (Djawi Tengah lan Dj. Wétan sampoen gadah Goewa Lourdes; Djawi Kilèn dèrèng? Mangga sampoen kantoen! Red. Sw.Tm.).

INGGRIS. *Sekolahan Confessioneel.*

Aksinipoen sadèrèk Katoelik ing ngrika, kados ingkang sampoen naté kawartosaken ing Sw. Tm, saèstoe angsal damel: sekolahan Confessioneel badé angsal pitoeloengan saking negari. — Poenika rak mila sampoen mestinipoen!

LITTAUEN. *Tradjang negari ingkang anti-Katoelik.*

Sadèrèngipoen gègèr ageng ing Europa, student-student Katoelik ing Littauen sampoen ngedegaken pakempalan ingkang idam-idamanipoen katjekak ing tetemboengan: „Omnia restaurare in Christo" (ndjedjegaké samoebarang krana Sang Kristoes); awit kala semantenném-néman Katoelik katingal badé itjal imanipoen (pengandelipoen). Sadèrèngiboen gègèr ageng pakempalan inggih sampoen ketawis madjeng, sanadjana pangrèh Roeslan roemijin mboetjal warga-warga katah dateng Sibéri; bakda gègèr, sareng Littauen antoek kamardikan, éwon ingkang sami nggebjoer ing pakempalan waoe. Poenika damel mongkog toewin gambiraning para K. Biskop.

Nanging dèrèng lami poenika kémawon paréntah ladjeng noetoep (medjahi) pakempalan-pakempalan student Katoelik tjatjahipoen 70.

Para K. Biskop inggih sampoen mrotest lan anggijaraken jèn badé ngaling-alingi lan mbombong ném-néman waoe.

Tradjang negari kados makaten poenika tjeta anti-Katoelik; toewin inggih soelaja kalijan Concordaat taoen 1927.

— Poenapa Littauen badé ngaping kalih „Kulturkampf?"

LIBERIA. *Missie ing Liberia.*

Mr. King, president republiekneger ing Liberia, wonten ing jaarverslag-ipoen sanget ngalembana dateng missionarissen Katoliek.

Taoen kapengker wonten tijang 2000 langkoeng sami martobat.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Volkstelling 1930.

Mitoeroet pepanggihing pétangan tjatjah djiwa ing Ned. Indië wonten 60.731.025. Semanten waoe ing tanah Djawi saha Madoera wonten 41.719.524 ing Buitengewesten 19.011.501.

Wondéné peprintjènipoen manoet roepining bangsa: Bangsa Priboemi wonten 59.143.775, bangsa Europa 242.372, bangsa Tiong Hwa 1.233.857, bangsa Vr. Oosterlingen 111.022.

Ing dalem 10 taoen poenika indaking tjatjah djiwanipoen: bangsa Priboemi mindak 22,4 persèn, bangsa Tiong Hwa 52,4 persèn, bangsa Vr. Oosterlingen mindak 66,1 persèn.

Goenggoeng kempal bangsa Priboemi wonten 97,9 persèn bangsa Europa 42,8 persèn, bangsa sanèsipoen namoeng 2,6 persèn.

Menggah ketelipoen oetawi katahipoen karatjak ing dalem 1 K. M². ing tanah Djawi saha Madoera wonten 314,5. Ing Buitengewesten ing dalem 1 K. M². namoeng 10,7. Manawi karatjak sak Hindia Nederland ing dalem 1 K. M.² wonten 32 tijang.

Katanding kalijan pradja sanèsipoen: ing Nederland wonten 230, Djepan 163, Bengalen 234,6.

Prakawis overbevolking toemrap Ned. Indië dèrèng padja-padja. Namoeng kémawon ing tanah Djawi pantjèn sampoen nama soek-soekan. Djampinipoen boten lija namoeng emigratie kalijan kolonisatie. Poenika bab papan. Nanging bab pagesangan gèsèh rembag, awit industrie, landbouw toewin handel kados dèrèng katok!

Zegelrecht kanggé immigratie.

Wonten kabar bilih Zegelrecht kanggé immigratie (mlebet ing tanah Ned. Indië) badé kaindakaken f 100 — doemoegi f 150. Toemrapipoen tijang ingkang boten gadah serat loeloesan ingkang absah f 150.— f 250. Sinten ingkang dèrèng gadah serat loeloesan ingkang absah (toelatingskaart) kénging énggal njoewoen namoeng regi f 100.

Loemajan, kanggé njoeda sawatawis, loemebeting tijang ngamantja.

Pasar malem Soerakarta.

Mitoeroet pétangan ing taoen poenika ingkang ningali pasar malem ing Sriwedari ing Soerakarta langkoeng katah tinimbang taoen kapengker. Tijang Priboemi taoen poenika mindak 100% tijang Europa soeda 50%.

Angsal-angsalanipoen taoen 1930 wonten ± f 5000, taoen poenika ± f 7350.

È, èh djaréné malèse!

Zelfbesturen-Conferentie.

Aneta ngabaraken bab kekentelaning rembag-rembag ing Zelfbesturen-Conferentie ingkang nembé poenika:

1e. Concept-reglement van orde (pranatan) toemrap Balé Agoeng sampoen dipoenabsahaken, badé karampoengaken déning Commissie.

2e. Zelfbesturen soepados anggalih bab pranatan damel mertjon enz. oegi katindakna ing Vorstenlanden.

3e. Katetepaken bilih poenggawapoenggawa ing Waterschap ingkang pantjèn sapérangan kénging padjeg, badé dipoenkintoeni aanslagbiljet ingkang ambawahaken.

4e. Gegajoetan wontenipoen kabar saking Secretarisgeneraal, Comité tentoonstelling ing Parijs, bilih katahing nijaga saha ingkang sami badé beksa kasoeda sepalih, ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan boten èstoe karsa njoembang tentoonstelling waoe.

5e. Ing sarèhning Inspecteur toemrap technische zaken kanggé ing tanah Kedjawèn poenika wonten ing Klatèn, sadaja katetepan-katetepan badé kakintoenaken déning negari Soerakarta medal Kepatijan dateng Zelfbesturen sanèsipoen.

DARMA KANDA.

Pamanggihpoen golongan Katholiek toemrap kamardikanipoen Indonésiah.

Ing „Darma Kanda" no. 21 taoen 31 wonten wawasan mawi bab kados ing nginggil poenika. Ing ngandap dipoenwewahi oekara Walandi: „De spoedigste onafhankelijkheid van Indonesië is voor de R.K. partij een dringende eisch."

Menggah ingkang nandani tangan S. K. (para maos kinten-kinten saged nggagapi S.K. poenika sinten).

Sagebjaran S.K. poenika wawasanipoen landesan ing pamanggihipoen padoeka toewan B. H. W. J. Doorn ingkang kapetik wonten ing „De Locomotief" 16 Feb. 1931 saking serat kabar Walandi: „De Tijd."

Anggèn koela mastani sagebjaran poenika awit ing wawasan ngrikoe boten dipoenseboetaken petikan saking serat kabar poenapa, saha mitoeroet pamanggihipoen sinten.

Minangka beboekaning anggèn koela badé ngrawoes poen S. K. koela mastani S. K. poenika satoenggiling joeoeoernalis ingkang boten ngertos tata (fatsoen) ing babagan journalistiek: „Wani-waniné, saésaéné, metik karangan perloe, hora diseboetaké baboné, toer sing dikétokaké ming koetoeké waé."

Kalih déné malih sadjakipoen S.K. boten damang sanget dateng basa Walandi, oetawi sageda kanti damang inggih boten saged njoeraos njakoep dateng ingkang dipoenwaos. Djalaran manawi ingkang kawaos poenika pamanggihipoen toewan Doorn wonten ing „De Loc. mokal manawi ladjeng poen S. K. gadah pamanggih ingkang makaten. Leres pamanggihipoen tijang poenika warni-warni. Ananging manawi pamawas ing bab karangan, poenika gèsèha rak inggih namoeng sakedik, boten kekatahen kados déné S. K.

Nanging petèk koela katah èmperipoen manawi S. K. boenika dateng tjara Walandi radi tjato-tjato, toer gadah dasar boten ngertosan. Katitik saking pertalanipoen, kadosta: *Ing nginggil poenika, pamanggihipoen sawenèhing pangarang ing serat kabar Katholiek, ing nagari Walandi, ingkang kénging kaanggep dados orgaanipoen parté-parté katholiek ing Indonésia sarta ing Nagari Walandi.*

Mangka ing „Locomotief" namoeng wonten oengel-oengelan *„Welke in „De Tijd", het hoofdorgaan der R.K. Staatspartij in Nederland."* La kok pertalanipoen ladjeng wonten partéparté karholiek Indonésia saha Nagari Walandi barang. La poenika rak nama pertalan okol-okolan diawoer waé, mawi dipoenwewahi poenapa.

Malih *„Rijk van Christus Koning."* Dipoenpertal *„pradjaning nata Christen."* Ing ngriki S.K. boten ngretos tegesipoen Het rijk van Christns, lan boten saged mbédakken „Christus" lan Christen, amargi saking tjondolonipoen.

Wonten malih oengel-oengelan ingkang boten mangertosaken kanggénipoen ingkang maos oetawi S.K. pijambak inggih boten mangertos.

„Kirang tresnanipoen tijang Indonésia dateng agami Kristen ateges saja petalipoen Indonésia kalijan pradja Nederland. Pasaksinipoen, anggènipoen P. P. K. D. dèrèng saged katampèn wonten ing National pederasie (P. P. P. K. I.) dados paksèn ageng malih menggahing gevaar oetawi babajanipoen menawi agama Kristen dèrèng angsal papan ingkang santosa wonten ing Indonésia. Indonésia ladjeng sampoen kaetjoelaken.

Oekara ing nginggil poenika angèl dipoenngertosi ing ngakatah.

Pangènget-èngetipoen toewan Doorn ing Loc ingkang toemoedjoe ing P.P.K.D. boten kados makaten poenika soeraosipoen. Kadjawi poenika P.P.K.D. boten *katampèn* ing P.P.P.K.I. poenika poenapa tegesipoen? Sadjakipoen kok P.P.K.D roemijn sampoen naté neda mlebet ing P.P.P.K.I . . . . katolak boten *katampèn.* Rak béda kalijan *dèrèng mlebet ing* P.P.P.K.I.

Wosing pangrawoes koela dateng S.K. ing Darmakanda:

1e. Manawi S.K. damel wawasan mawi landesan saking salah-satoenggiling karangan koran sanèsipoen, kaparenga njeplosaken karanganipoen sinten.

2e. Sampoen énggal-énggal damel wawasan manawi dèrèng ngertos ladjeripoen jektos.

3e Manawi mertal kaparenga ngatos-atos, sampoen mawi wewahan sakadjengipoen amoerih sampoen ngantos dipoenwastani okol-okolan.

4e. Amargi wawasanipoen S.K. ing Darmakanda waoe tijang ladjeng mangertos tetakeranipoen poen S.K. ing babagan mawas prakawis.

Saking
SOLO

„Op Vrijdag den 30 Januari 1931 is in het Hospitaal te Sawah-Loento geboren het eerste kind (een meisje) van den Heer P. S. Darmowijoto, aan welk kind de naam Margaretha Sriwijati is gegeven."

Swl. 1 Februari 1931

Fam. Darmowijoto.

MANTJA NAGARI.

BARITANIJAH — *Malta commissie.*

Wonten pawartos opisil, sapoenika nagari Inggris damel komisi, tinanggenah matitisaken kawontenan politiek ing Malta, ingkang saladjengipoen kapoerih soeka rembag dateng nagari langkoeng² babagan sagedipoen ngawontenaken papréntahan, constitutioneel malih. — Sampoen mesti kémawon komisi waoe inggih badé nggepok prakawis pasoelajanipoen Malta kalijan Vaticaan kados ingkang sampoen naté kawrat wonten Sw. T. ngriki.